



**Biwo Nouvo
Ameriken yo
DELAWARE**

Konnen Dwa W Nan Kesyon Imigrasyon Yo

Oryantasyon pou moun

Imigran yo gen dwa yo

Depatman Lajistis nan Eta Delaware genyen pou misyon pou li pwoteje dwa konstitisyonèl tout moun ki abite nan eta sa a. Nenpòt kalite moun ki okipe yon fonksyon nan biwo yo, chak sitwayen ki ap viv Delaware gen dwa fondamantal ak libète sivil ki kontwole otorite lapolis ak sistèm jistis kriminel la. **Dwa sa yo pa gen relasyon ak sitwayènte oswa estati imigrasyon yo, yo endepandan – tout moun benefisye de dwa sa yo, menm si se imigran san papyè wap benefisye tou.** Dokiman ki endike anba la yo pral kapab ede w konprann dwa w lè w ap kominike avèk otorite federal pou fè respekte lwa imigrasyon yo.

Èske Eta Delaware se yon "eta sanktyè"?

- Tèm " eta sanktyè " se yon tèm ki pa fòmèl epi ki pa parèt nan lwa nan Delaware.
- Aplikasyon lwa imigrasyon se yon responsablite federal li ye, epi gouvènman federal la pa ka ap fòse lapolis leta oswa lokal oubyen komisè gouvènman yo pou fè respekte lwa imigrasyon san yo pa jwenn yon akò fòmèl pou fè sa.¹ Lapolis eta a ak lokal yo konsantre sou sekirite piblik ak lwa Delaware yo.
- Tout rezidan Delaware, kèlkeswa estati imigrasyon yo, gen dwa pou jwenn pwoteksyon lwa federal ak lwa eta a, tankou Konstitisyon Delaware ak Konstitisyon Etazini, ansanmak dwa ki dekri nan dokiman sa a.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen antre an kontak ak yon ofisye imigrasyon?

- Ou kapab di ofisye imigrasyon an ke ou chwazi pou rete an silans.
- Ou ka di ofisye imigrasyon an ke ou p ap pale avè l san ke yon avoka pa prezan.
- Ou ka mande pou ba ou yon entèprèt si ajan an pa pale lang ou pale a.²
- Si w pa yon sitwayen ameriken epi ou gen papyè imigrasyon w avèk ou, ou dwe montre papyè yo bay ofisye imigrasyon an si li mande ou pou fè sa.
- Konstitisyon Etazini ak Eta Delaware pwoteje tout moun ki ap viv nan Delaware yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, li anpeche yo fè fouy sou moun, sou pwopriyete yo, oswa kay yo san ke yo pa gen yon manda ki sipòte yon kòz pwobab. Men li posib pou yon ofisye ka fouye w si li gen rezon pou l ta kwè ke ou pote yon zam sou ou.

¹ Seksyon 287(g) nan Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite Etazini an (8 U.S.C. § 1357(g)) pèmèt lapolis lokal ak leta fè akò fòmèl ("akò 287(g)") pou travay anba sipèvizyon Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (ICE). **Akò 287(g) yo ilegal nan Delaware.**

² Dekrè Egzekitif 13166, pou Amelyore Aksè a Sèvis pou Moun ki gen Konpetans ki limite nan lang Anglè (2000)
<https://www.govinfo.gov/content/pkg/FR-2000-08-16/pdf/00-20938.pdf>.



**Biwo Nouvo
Ameriken yo
DELAWARE**

- Si w ap fè fas, pale ak yon ofisye imigrasyon, ou dwe onèt nan sa wap di yo pandan konvèsasyon an. Pa bay manti sou sitwayènte ou. Si ou pa konprann yon kesyon li poze w, ou kapab di l ou pa konprann.

E si ofisye imigrasyon yo vle fouye m, oubyen si yo vle antre lakay mwen?

- **Pou sekirite w, pa reziste ajan imigrasyon yo si yo antre lakay ou, kit yo antre avèk otorite legal oswa san otorite legal.**
- Katriyèm Amandman an ofri "pèp la dwa pou yo an sekirite (pwoteje tèt yo), kay yo, papye, ak efè yo, kont fouy ak sezi ki pa rezonab, dwa moun yo pa dwe vyole"³ epi Katriyèm Amandman an dwe aplike kèlkeswa sityasyon imigrasyon yon moun.⁴
 - Ou gen dwa pou refize otorite imigrasyon yo aksè lakay ou san yon manda pou arestasyon oswa fouye ke yon jij federal oswa eta a siyen, eksepte nan yon sityasyon ki gen ijans.
 - REMAK: Yon manda degèpisman (mete w deyò nan kay ou) pa otorize ofisye yo antre lakay ou san konsantman ou.⁵
- Ou gen dwa pou mande ki ajans ajan yo reprezante, espesyalman si yo se ajan imigrasyon oswa si yo se ajan Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE, an anglè). Ou ka mande non yo ak nimewo badj yo tou.

Si ta genyen ajan imigrasyon ki antre lakay ou san konsantman w oswa san yon manda pou fouye oswa arestasyon valab yon jij siyen, ou menm oswa yon moun k ap aji nan non w gen dwa depoze yon plent nan Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik (DCRPT) Depatman Jistis Delaware nan adrès sa a: de.gov/publictrust.

- Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la responsab, nan fason patikilye, pou fè respekte lwa Delaware ki pwoteje dwa ak libète moun ki abite nan Delaware, ki gen ladan, men pa limite a sa selman, dwa sa yo garanti Konstitisyon Delaware ak Konstitisyon Etazini.
- Moun ki ap viv nan eta Delaware ki vle pote yon plent nan Divizyon an DWE ranpli fòmilè plent lan (ki disponib sou de.gov/dcrptcomplaint) epi mete tout enfòmasyon ki enpòtan yo ak enfòmasyon kontak, adrès lakay ou. Y ap voye fòm plent lan otomatikman bay Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la.

³ *Lange v. California*, 594 U.S. 295, 301, 141 S. Ct. 2011, 2017, 210 L. Ed. 2d 486 (2021)

⁴ *See, Lee v. Imigrasyon & Natiralizasyon Serv.*, 590 F.2d 497, 499–500 (3d Cir. 1979) (Nan aplikasyon Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite, "Tribinal la te deklare ke ajan INS yo limite pa Katriyèm Amannman an nan egzèsis pouvwa yo ke Kongrè a akòde yo."); *revize tou, revize tou Yoc-Us v. Attorney General United States*, 932 F.3d 98, 108 (3d Cir. 2019) (remake ke "INS la gen pwòp sistèm konplè li pou anpeche ajan li yo komèt vyolasyon Katriyèm Amannman an."); *epi Plyler v. Doe*, 457 U.S. 202, 212, (1982).

⁵ *Revize, e.g., Sèvis Rechèch Kongrè a, Arestasyon ki gen rapo ak Imigrasyon nan Enteryè Etazini*, (2021), <https://crsreports.congress.gov/product/pdf/LSB/LSB10362> (site *Payton v. New York*, 445 U.S. 573, 586 (1979) pou pwopozisyon ke fouy ak sezi andedan yon kay san yon manda jidisyè yo sipoze pa valab).



**Biwo Nouvo
Ameriken yo
DELAWARE**

Kisa mwen ta dwe fè si ofisye imigrasyon yo vin bò kote mwen pandan mwen nan machin mwen an?

- Atant yon moun ki andedan yon machin nan sa ki gen pou wè ak vi prive pi ba pase moun ki nan kay yo oswa biznis yo. Ofisye imigrasyon yo pa bezwen yon manda pou yo kanpe yon veyikil lè yo gen motif ki rezonab pou kwè ke yon krim federal ki te komèt yo, oubyen ofans ki gen rapo ak imigrasyon.
- Ras yon moun ak orijin etnik li pa kapab sèl baz pou sispèk rezonab ofisye a.
- Si yo ta kanpe w pandan w ap kondwi yon machin, yon ofisye imigrasyon ka mande w pou li wè lisans ou oswa kat ki ba w privilèj chofè w la. Ou dwe bay lisans ou pou pwouve ke w ap kondwi machin ou legalman.⁶
- Prezante Kat Pèmi Chofè Eta Delaware ou (DPC) sèlman si yo mande w pou w montre yo ke ou gen otorizasyon pou w kondui yon machin. Yon kat DPC pa ka itilize pou sèvi kom eleman pou idantifikasyon.
- Ou gen dwa pou w rete an silans epi w pa oblije reponn kesyon ki gen rapo ak sitiyasyon imigrasyon w.
- Si ou se yon pasaje, ou ka mande si ou lib pou de mouvman pou w ka ale. Si ajan an reponn wi, fè sa avèk anpil kalm.
- Ou ka refize bay konsantman pou yo fè fouy si yon ofisye mande w pou li gade andedan machin ou. Men tou, yon ofisye ka fouye machin ou san konsantman ou si li gen rezon pou kwè machin ou genyen prèv yon krim ki te komèt.

Ki sa mwen kapab fè si yo arete mwen?

- Pa eseye reziste ak arestasyon an.
- Chak rezidan, moun ki ap viv nan Delaware gen dwa pou yo gen yon avoka pou bay asistans epi yo pa oblije reponn kesyon san konsiltasyon avoka yo. An patikilye, ou gen dwa pou konsilte yon avoka imigrasyon anvan ou pran nenpòt desizyon konsènan ka wla oswa siyen nenpòt dokiman. Pèsonn pa ka fòse w pran yon desizyon final oswa siyen yon dokiman si w pa konprann li klèman.
- Ou gen dwa pou ou kapab fè yo ba ou yon entèprèt.
- Ou ka mande pou w ka rele yon manm fanmi ouwa yon zanmi si w gen timoun avèk ou nan moman yo ap arete w ouwa si w bezwen avèti patwon w la kote wap travay la.
- Ou ka fè ofisye imigrasyon an konnen si ou se moun ki responsab prensipal pou okipe yon timoun ki poko gen 18 lane epi ki se yon sitwayen ameriken ouwa rezidan legal. Lwa federal bay ajan ICE yo diskresyon pou yo chwazi pa kenbe yon imigran ki pa sijè a yon lòd pou detansyon obligatwa.⁷

⁶ 21 Del. C. § 2701.

⁷ 8 U.S.C. § 1226; see also ICE Directive 11064.3: *Enterè pou paran ki pa sitwayen ak responsab legal timoun minè ouwa adilt ki gen andikap*, 14 Jiyè, 2022 (Se obligasyon pou ajan ICE yo mande enfòmasyon sou estatè paran ouwa responsab legal yon moun ki pa sitwayen. (<https://www.ice.gov/doclib/news/releases/2022/11064.3.pdf>); Sèvis Rechèch Kongrè a, Lwa Detansyon Imigrasyon: Yon Brèf Entwodiksyon (September 1, 2022) ([https://crsreports.congress.gov/product/pdf/IF/IF11343#:~:text=INA%20%C2%A7%20236\(a\)%20permits,be%20made%20with%2048%20hours.](https://crsreports.congress.gov/product/pdf/IF/IF11343#:~:text=INA%20%C2%A7%20236(a)%20permits,be%20made%20with%2048%20hours.)).



**Biwo Nouvo
Ameriken yo
DELAWARE**

Si mwen gen kèk enkyetid ke ICE te arete yon moun, ki jan mwen ka fè pou mwen jwenn plis enfòmasyon?

- [ICE Online Detainee Locator System](#) ba w posiblite pou ou tcheke nan fason anonim si yon moun nan prizon ICE si ou konnen nimewo idantite etranje yo ak peyi orijin yo, oswa si ou konnen non prizonnye a, dat nesans, ak peyi orijin li.
- Ou ka rele Biwo pou Ranfòsman ak Operasyon Refoulman ICE a tou nan (888) 351-4024.

Rapèl ki enpòtan

- Toujou pote toutan yon dokiman idantite valab avèk ou. Dokiman Sa yo kapab dokiman imigrasyon gouvènman ameriken an ba w, dokiman imigrasyon valab, ak pèmi travay.⁸
- Ou dwe konnen pa kè nimewo kat alien (dokiman pou etranje) ou.
- Pa dwe janm pote fo dokiman oswa dokiman ki falsifye epi pa janm bay yon ofisye imigrasyon fo oswa dokiman falsifye oswa fo enfòmasyon.
- Si w santi ke yo te vyole dwa w pandan Entèvansyon yon ofisye, ou ta kapab dwe ekri plis enfòmasyon posib sou sa ki pase pandan entèvansyon an, nan ka ou ta va deside pote yon plent nan DCRPT la.

Enfòmasyon sa a pa konstitiyè konsèy jiridik legal. Gen lot règ ki diferan e ki aplike nan pòs kontwòl ak lè w ap antre nan Etazini (ayewopò enkli nan espas sa yo).

Resous pou sipò adisyonèl:

- Biwo [Delaware Office of Immigration Assistance](#) (yon pwogram Depatman Jistis Delaware) bay konsèy ak asistans pou rezidan, moun ki ap viv nan eta Delaware k ap aplike pou benefis sitwayènte ak / oswa imigrasyon, etabli dosye yo epi fè swivi ak ajans federal yo pou detèmine estati yo, epi sèvi kòm entèmedyè ant rezidan Delaware yo ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini.
 - Telefon: (302) 577-8390
 - <https://attorneygeneral.delaware.gov/executive/immigrationassistance/>
- Sant Nasyonal Lwa Imigrasyon an ap ofri konsèy sou Gid dwa moun lan, pou moun ki arete oswa arete pa otorite imigrasyon yo ak sou Konstitisyon Etazini an, an jeneral.
 - <https://www.nilc.org/resources/know-your-rights-what-to-do-if-arrested-detained-immigration/>
 - <https://www.nilc.org/resources/everyone-has-certain-basic-rights/>
- Antite [Community Legal Aid Society](#) ki trouve li nan Delaware ap ofri sevis legal bay sèvis legal pou moun rezidan vilnerab Delaware yo ki elijib yo.

⁸ 8 U.S.C. § 1304(e), [https://uscode.house.gov/view.xhtml?req=granuleid:USC-prelim-title8-section1304&num=0&edition=prelim#:~:text=\(e\)%20Personal%20possession%20of%20registration,than%20thirty%20days%20C%20or%20both.](https://uscode.house.gov/view.xhtml?req=granuleid:USC-prelim-title8-section1304&num=0&edition=prelim#:~:text=(e)%20Personal%20possession%20of%20registration,than%20thirty%20days%20C%20or%20both.)



**Biwo Nouvo
Ameriken yo
DELAWARE**

- Telefon Wilmington: (302) 575-0660 Imèl: clasincc@declasi.org
- Telefon Dover: (302) 674-8500
- Telefon Georgetown: (302) 856-0038
- <https://www.declasi.org>
- La Esperanza Community Center (Southern Delaware), La Red Health Center (Southern Delaware) ak Latino Community Center (Wilmington) se resous lokal san bi likratif ki sipòte kominote Latino ak imigran Delaware yo.
 - La Esperanza: (302) 854-9262 Imèl: info@laesperanza.org
 - La Red: (302) 855-1233 <https://www.laredhealthcenter.org/>
 - LACC: (302) 655-7338 <https://www.thelatincenter.org/>
- **HIAS** bay sèvis legal pou refijye ak moun k ap chèche azil Ozetazini.
 - Telefon: (800) HIAS-714 Imèl: info@hias.org
- Pou jwenn yon lis konplè BIA (komisyon pou fè Apèl nan kesyon imigrasyon) rekonèt òganizasyon san bi pou fè lajan ak reprezantan ki akredite nan zòn ou an, tanpri vizite sit entènèt sa a: <https://www.justice.gov/eoir/recognized-organizations-and-accredited-representatives-roster-state-and-city>
- Konsèy Kowòdinasyon Vyolans Domestik Delaware (Oganizasyon kap lite kont vyolans domestik) ofri konsèy pou imigran ki viktim vyolans domestik, kèlkeswa sitiyasyon legal yo.
 - <https://dvcc.delaware.gov/committees/immigration-committee/>